



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 16/5/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GAYAN \$3 MILYON DOLA NAN KONKOU ENÈJI
PWÒP POU KOLÈJ AK INIVÈSITE NAN ETA NEW YORK**

***Kowalisyon ke etidyan yo dirije nan Bard College, University nan Buffalo ak Kolèj
Kominotè Broome SUNY te bay \$1 Milyon chak pou devlope pwojè Enèji Pwòp
Inove nan kominote yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te aonse ke Eta New York pral bay \$1 milyon dola chak a Bard College, University nan Buffalo ak Kolèj Kominotè Broome SUNY nan kad “Konpetisyon kap kondwi a Enèji.” Konpetisyon an, te premye anonse pa Gouvènè Cuomo nan mwa oktòb 2015, vize kowalisyon ki gen etidyan nan tèt yo nan kolèj ak inivèsite pou yo konsevwa ak devlope plan orijinal pou pwojè enèji pwòp sou kanpis ak nan kominote. Anons lan te fèt nan Bard College nan Konte Dutchess.

“Konpetisyon ki baze sou Enèji” se yon defi pou lidè enèji yo kap parèt nan New York pou chanje lide inovasyon yo an solisyon dènye kri pou redwi emisyon gaz greenhouse, diminye bòdwo enèji yo ak amelyore rezistans nan kominote yo nan eta,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen konplimante etidyan nou yo ki genyen ak pwofesè, epi nou konplimante yo pou angajman yo nan ede devlope yon New York ki pi pwòp, pi vè.”

“Konkou ki santre sou Enèji” fè pati nan Vizyon pou Refòm Enèji Gouvènè a, pou devlope yon sistèm enèji pwòp, ki pi dirab epi bon mache pou tout moun nan New York. Grasa REV, Eta New York te etabli sib 2030 pwojè enèji: jenere 50 pousan elektisite apati enèji renouvlab, redwi emisyon gaz greenhouse pa 40 pousan apati nivo nan 1990 ak redwi konsamasyon enèji nan bilding yo pa 23 pousan apati nivo nan 2012. Kolektivman, twa pwojè kolèj gayan sa yo ap redwi emisyon gaz greenhouse pa ekivalan de 17,000 veyikil kap soti sou wout la chak ane.

New York State Energy Research and Development Authority ap jere Konkou \$3 milyon e li te ouvri pou kowalisyon etidyan ap dirije nan kolèj oswa inivèsite dezanouben katran, piblik oswa prive. Konpetisyon an vize lekòl yo pou devlope lide pou pwojè inovasyon nan efikasite enèji, sous renouvlab oswa rediksyon emisyon gaz greenhouse sou kanpis, nan salklas ak nan kominote avwazinan yo.

Pwopozisyon yo ta dwe demontre inovasyon nan youn oswa plis nan sektè annapre yo: konsepsyon pwojè, model biznis, patenaray, ak/oswa entegrasyon pwogram etid. Yo te mande yo tou pou dekri enpak pwojè a sou emisyon gaz greenhouse, kijan yo te ka mezire siksè ak kijan yo te ka itilize prim \$1 milyon pou avanase pwojè a.

Richard Kauffman, Prezidan Enèji ak Finans pou Eta New York, te deklare, “Etidyan yo pote yon ijans inik, pasyon ak kreyativite nan lit kont chanjman klima. Kòm nou remake sistèm enèji nou an nan New York, nou kontan paske nou metrize lidèchip jèn moun nou yo pou ede nou fè li pi rapid, pi bon mache ak pi gwo pase nenpòt lòt eta. Mwen pa ka tann pwochen faz la, lè gayan yo pral chanje gwo lide sa yo an pwojè reyèl pou benefis kolèj, kominote yo ak eta kòm yon ansanm.”

John B. Rhodes, Prezidan ak Direktè Egzekitif NYSERDA, te deklare, “ New York se yon lidè nasyonal nan devlope solisyon enèji pou pwoteje anviwonman nou an ak fè ekonomi nou devlope. Konpliman pou gayan yo ansanm avèk tout patisipan yo nan ‘Energy to Lead’ paske yo te pran defi sa epi devlope lide konvenkan ki pral non sèlman rezoud kesyon enèji enpòtan sou kanpis ak kominote yo, men lap egalman fè yon pwèn pou asire ke lòt moun kap aprann epi repwodui siksè yo.”

Bard College’ “Mikwo-idwo pou Macro Impact” pwojè ki pral montre kijan jeneratè enèji miwo-idwo ka konsiderableman redwi emisyon gaz greenhouse, ka finanse nan diferan fason, e yo entegre nan pwogram etidyan ak fòmasyon mendèv. Pwojè a prevwa pou l bay rezilta nan evite 335 tòn metrik emisyon gaz greenhouse chak ane, e li pral gen ladan tou lansamn yon resous enfòmasyon piblik sou entènèt “NY Microhydro” pou ede lòt moun enstale microhydro toupatou nan eta.

“Nan non Kolèj la, mwen ta renmen remèsye biwo Gouvènè a ak NYSERDA pou prim enpòtan sa,” **te deklare Prezidan Bard College Leon Botstein.** “Inovasyon se nan baz misyon Bard, e prim sa ap ede nou kontinye inove nan kesyon anviwonman ak konsèvasyon enèji, ak pou siyale enpòtans kesyon sa yo pou tout kominote edikasyon siperyè a.”

Inivèsite nan Buffalo pwojè “Lokalize Avni Enèji Renouvlab Buffalo” ap demontre kijan yon kolèj oswa inivèsite ka fè patenarya avèk kominote l pou transfòme eko-sistèm enèji lokal, pandan lap bay etidyan yo rechèch enpòtan ak opòtinite fòmasyon mendèv. An patenarya avèk vil Buffalo ansanm avèk plizyè òganizasyon non-pwofi ak patnè edikasyon, objektif pwojè sa se pou enstale 100 megawat enèji solè toupatou nan vil ak kolèj la ansanm avèk kanpis inivèsite a e li prevwa pou bay rezilta nan evite 82,000 tòn metrik emisyon gaz greenhouse chak ane.

“University nan Buffalo onore paske Gouvènè Cuomo te chwazi l nan konpetisyon Energy to Lead ak inisyativ Refòme vizyon enèji a,” **te deklare Prezidan University nan Buffalo Satish K. Tripathi.** “Inivèsite nou an se yon tradisyon long lidèchip nan rechèch, edikasyon, ak inisyativ angajman ki santre sou kreye yon avni ki pi dirab pou kominote nou yo ak mond nou an. Pwopozisyon lansman sa ap ogmante lidèchip sa e li pral ede nou devlope menm plis sou enpak nou. Nou pa ka tann pou nou travay avèk kominote nou an pou reyalize gwo potansyèl nan inisyativ sa, pou plis enpleman plan daksyon klima nou an pou reyalize ekonomi enèji epi kondwi vialite ekonomik nan rejyon nou an.”

Pwojè Kolèj Kominotè SUNY Broome “Geothermal Learning Laboratory” pral montre kijan yon sistèm jeyo-tèminal ka eksplwate enèji ki estoke nan tè a pou chofe ak refwadi yon kanpis, travay kòm yon resous ansèyman pou kolèj ak etidyan yo apre lekòl segondè, epi jenere ekonomi fakti enèji ki kapab re-vesti nan mezi konsèvasyon enèji. Pwojè a prevwa pou l bay rezilta nan evite 135 tòn metrik emisyon gaz greenhouse chak ane.

“greening of SUNY Broome te pran yon gwo etap delavan. Nou pat ka remèsye Gouvènè ansanm avèk NYSERDA ase pou yon prim osi enpòtan,” **te deklare Prezidan SUNY Broome Kevin E. Drumm.** “Inisyativ sa pral konsiderableman diminye enprent kabòn nou pandan lap ogmante patisipasyon etidyan nan efò dirabilite ak antreprenarya. Li ta dwe note ke etidyan yo te yon pati entegral nan devlopman pwopozisyon sa. Ki pi bon fason pou enspire inovatè vè yo nan lavni!”

Enfòmasyon sou Refòm vizon enèji a

Refòm vizon Enèji (REV) se strateji Gouvènè New York Andrew M. Cuomo pou chita sou chanjman klima ak delvope ekonomi New York la. REV ap bati yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi rezistan epi a bon mache pou tout Nouyòkè yo nan stimile investisman sou teknoloji pwòp tankou solè, van, ak enèji efikas epi jenere 50% nan bezwen elektrisite eta apati enèji renouvlab nan 2030. Deja, REV te kondwi 600% kwasans nan mache solè nan tout eta, pèmèt plis pase 105,000 kay ki gen revni fèb pou koupe bòdwo enèji yo nèt, avèk enèji efikas, epi kreye plizyè milye djòb nan manifakti, jeni, ansanm avèk lòt sektè enèji pwòp. REV ap asire ke Eta New York redwi emisyon gaz greenhouse nan tout eta pa 40% nan 2030 epi reyalize sib ke yo vize entènasyonalman pou redwi emisyon 80% nan 2050. Pou aprann plis sou REV, enkli investisman \$5 milya deal Gouvènè a nan teknoloji enèji pwòp ak inovasyon, vizite www.ny.gov/REV4NY epi swiv nou [@REV4NY](https://twitter.com/REV4NY).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418